



Kisa m dwe fè si m bezwen konpansasyon m tousuit?

Nan kèk ka, ou ka mande yon prim ijans ki ka rive jiska \$2,500.

Kisa k ap rive si mwen demenaje aprè m fin depoze yon reklamasyon?

Voye yon lèt avèk nouvo adrès ou a, nimewo telefòn, ak adrès imèl ou, si w gen youn, nan:

Biwo Sèvis pou Viktim nan Eta New York
Alfred E. Smith State Office Building
80 South Swan St., Dezyèm Etaj
Albany, New York 12210

Ou ka soumèt demann pou chanjman adrès ou a ki siyen anliy atravè aplikasyon Pòtay Sèvis pou Viktim: ovs.ny.gov.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon oswa èd nan kominote mwen an?

OVS finanse pwogram èd pou viktim yo atravè Eta New York. Pwogram sa yo kapab ede w depoze reklamasyon ou a nan OVS epi yo kapab ede w tousuit, li gen ladan l aksè ak sèvis konsèy yo, konsèy jiridik ak chèlètè ijans, pami lòt sèvis yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou ovs.ny.gov oswa rele nan **800-247-8035** pou w aprann plis.

Kòm yon viktim zak kriminèl nan Eta New York ou dwe konnen:

- Ou kapab jwenn yon kopi rapò lapolis la gratis (Lwa Egzekitif Eta New York §646).
- Gen yon lwa ki pwoteje w kont menas oswa entimidasyon ki sòti nan sispè a oswa nan fanmi sispè a. Depatman lapolis lokal ak pwokirè distri a (district attorneys, DA) kapab eksplike w lwa sa yo.
- Ou gen dwa pou w enplike nan kèk etap nan pwosesis jistis penal la. Depatman polis lokal ak pwokirè distri a kapab eksplike w wòl ou nan pwosesis jistis penal la, etap enpòtan nan pwosesis la, ak kòman ou kapab jwenn enfòmasyon sou etap sa yo.
- Si ou viktim yon zak kriminèl, ou gen dwa pou ou fè yon deklarasyon nan moman kondanasyon akize a.
- Ou gen dwa pou yo enfòme w sou estati anprizònman akize a. Ou kapab rele VINE nan 888-846-3469 pou bay kowòdone w:

Pou jwenn plis detay sou dwa w yo kòm yon viktim zak kriminèl, tanpri al gade piblikasyon "Dwa pou viktim krim nan Eta New York," ki disponib nan adrès ovs.ny.gov.



Chak Viktim Zak Konte

Gid pou konpansasyon viktim zak kriminèl nan Eta New York

ovs.ny.gov
800-247-8035



Office of
Victim Services

Kòman pou m aplike pou yon konpansasyon?

- Ranpli demann OVS la
- Ranpli kondisyon pou w kalifye
- Ou dwe te sibi yon pèt vreman deja oswa pi devan aprè yo komèt yon zak kifè w kalifye a.

Kiyès ki ka kalifye pou konpansasyon an?

- Viktim nan dwe yon viktim inosan yo de yon zak.
- Viktim yon zak ki te blese fizikman aprè yon zak.
- Viktim yon zak ki gen mwens pase 18 lane, ki gen 60 lane ak pi plis, oswa ki pa t blese fizikman.
- Gen kèk paran, li gen ladan l mari oswa madanm ki siviv, granparan, paran, bòpè ak bèlmè, responsab legal, frè, sè, demi frè, demi sè, pitit, bofis oswa bèlfi, pitit pitit, oswa nenpòt lòt moun ki se responsab prensipal viktim yon zak ki mouri akòz konsekans dirèk krim sa a.
- Mari oswa madanm ki siviv, granparan, paran, bòpè ak bèlmè, responsab legal, frè, sè, demi frè, demi sè, pitit, bofis oswa bèlfi, oswa pitit pitit viktim yon krim ki mouri akòz konsekans dirèk krim sa a ak lè zak sa a fèt nan rezidans pataje ant manm fanmi yo ak viktim lan.
- Moun ki te peye oswa ki te angaje yo pou frè antèman viktim yon zak ki inosan.
- Timoun ki viktim, timoun ki temwen yon zak, ak paran timoun nan, bòpè ak bèlmè, responsab legal, frè, sè, demi frè, oswa demi sè.
- Viktim kèk menas, anprizònman ilegal, kidnapin, zak kriminèl, vòl, moun ki anpeche moun respire oswa ki bloke sikilasyon san yon fason kriminèl, asèlman, asèlman agrave, dezobeyisans kriminèl, pèsekisyon, oswa krim rayisab ki pa t blese fizikman.
- Moun aje ki frajil, ki pa kapab, oswa ki gen yon andikap fizik ki fè yo pa kapab pran swen tèt yo.
- Kèk viktim trafik moun oswa trafik seksyèl.
- Viktim zak teyoris deyò Etazini pou moun ki rezide nan Eta New York
- Viktim pwosè frivòl moun ki te fè zak nan te depoze kont viktim yo.

Ki lòt demach mwen dwe fè pou m kalifye?

- Siyale zak nan bay lapolis oswa yon lòt ajans jistis kriminèl nan delè yon semèn.
- Depoze yon reklamasyon nan OVS nan delè yon (1) lane aprè zak lan.
- Si gen yon reta lè yo siyale yon zak oswa lè yo depoze yon reklamasyon, jistifye delè a alekri.
- Kolabore avèk lapolis, biwo pwokirè a ak OVS

Pou ki kalte depans mwen ka kalifye?

OVS ofri konpansasyon ki gen rapò ak: blezi sou kò, lanmò ak pèt byen pèsoneèl ki esansyèl. Depans espesifik OVS ka peye yo gen ladan l:

- Frè medikal ak konsèy
- Pèt oswa domaj byen pèsoneèl ki esansyèl (jiska \$500)
- Frè antèman oswa finerey (jiska \$6000)
- Lè w pèdi salè, ekonomi, oswa sipò, li gen ladan l paran yo ki pèdi salè yo si pitit viktim nan entènè (jiska \$30,000)
- Transpò (Li nesèsè pou parèt devan tribinal la pou pousuit)
- Reyabilitasyon pwofesyonèl oswa pou travay
- Fason viktim vyolans nan kay ak timoun yo itilize chèlètè yo
- Netwayaj sèn zak kriminèl lan (jiska \$2,500)
- Byen ki pèdi nan Bon Samariten (jiska \$5,000)
- Frè demenajman (jiska \$2,500)

Kisa pou m fè si byen m yo te pèdi, domaje, oswa detruï akòz zak lan?

- Si ou gen mwens pase 18 lane, 60 lane oswa plis, si w andikape oswa w te blese, ou kapab mande avantaj pou repare oswa ranplase byen esansyèl ki te pèdi, domaje, oswa detruï akòz konsekans dirèk zak lan ki pa t gen pwoteksyon nan nenpòt lòt resous.
- Esansyèl vle di ki nesèsè pou sante w, sekirite ak byennèt ou tankou linèt ak rad ou yo.

Kijan m kapab jwenn yon aplikasyon?

- Vizite ovs.ny.gov pou depoze yon reklamasyon anliy
- Kontakte nenpòt pwogram asistans pou viktim ki prè lakay ou; yon avoka kapab ede w ranpli yon aplikasyon
- Jwenn fòm aplikasyon ki sòti nan nenpòt departman polis oswa sal ijans yon lopital

Ki lòt dokiman OVS bezwen nan men m?

Selon kalte reklamasyon ou an, ou ka bezwen bay kopi kèk oswa tout dokiman sa yo lè w ranpli aplikasyon ou a anliy oswa pa lapòs:

- Rapò lapolis
- Kat asirans
- Resi pou byen pèsoneèl ki esansyèl
- Prèv yon relasyon (egzanp: batistè viktim nan, Ak maryaj la)
- Ak desè ak kontra finerey la
- Fakti medikal detaye
- Lèt ki sòti nan men nenpòt asirè ki refize oswa otorize peman pou sèvis yo site nan fòm la.
- Prèv pou laj (egzanp: lisans machin, sètifika nesans)
- Dokiman legal pou moun ki responsab legal la

Kisa k ap rive si m pa gen dokiman OVS bezwen yo?

Ou kapab soumèt yon apikasyon anliy sèlman. OVS ap kontakte w depi yo aksepte reklamasyon ou a epi y ap mande w nenpòt dokiman anplis ki nesèsè pou yo trete reklamasyon ou a.

Tanpri kenbe nan lespri w OVS pa kapab pran yon desizyon sou aplikasyon ou a san li pa genyen dokiman ki obligatwa yo, paske li nesèsè pou detèmine si w kalifye pou yon èd.

Kisa ki fòm Otorizasyon HIPAA?

Fòm sa a pèmèt founisè yo diskite sou enfòmasyon ki sou sante avèk OVS. Ou dwe siyen fòm sa a pou chak founisè swen sante ki te trete w.

Kiyès ki kapab siyen aplikasyon an?

Viktim nan dwe siyen aplikasyon an. Si viktim nan gen mwens pase 18 lane oswa li fizikman oswa mantalman pa kapab siyen, responsab legal li a dwe siyen.